

# BIWO POU VIKTIM KRIM SANT FÒMASYON AK TEKNIK ASISTANS

## POU EDE OU, POU OU KAPAB EDE YO... ...RANFÒSMAN KAPASITE POU SÈVI VIKTIM KRIM YO

Biwo pou Viktim Krim ak Sant Fòmasyon ak Teknik Asistans (Office for Victims of Crime Training and Technical Assistance Center, OVC TTAC) pran angajman pou ede viktим zak kriminèl yo rekipere apre chòk ak pèt yo te viv la. Pou fè sa, nou depann sou yon rezo nasyonal ki gen konsiltan ak pwofesyonèl ki byen fòme epi ki gen eksperyans pratik nan sèvis pou viktим. Nou ofri zouti ak resous gratis avèk fòmasyon estanda ak pèsonalize nan divèrs kalite espesyalizasyon. Nou te kreye asistans ki dekri anba la a pou fòme ajans ki ofri sèvis pou viktим yo epi pou fè sansibilizasyon nan tout kominate, sitou sa ki pa jwenn ase sèvis yo.

Si òganizasyon ou a bezwen fòmasyon oswa asistans teknik nan nenpòt ki lang pou w ka okipe viktим nan kominate ou a pi byen, tanpri kontakte nou nan TTAC@ovcttac.org pou mande tradiksyon oswa entèpretasyon. Sant Dapèl nou an gen sèvis entèprèt ak relè vidyeo ki disponib.

### Zouti ak Resous



#### Dokiman pou Fòmatè

Nenpòt ki moun ki ap fè fòmasyon oswa fè prezantasyon sou kouman ou kapab ede moun ki viktим zak kriminèl pral jwenn dokiman pou fòmatè yo itil. Sijè yo gen ladan yo fòmasyon pou moun k ap defann ak bay konsèy pou viktим vyòl, estrateji pou sèvi viktим zak kriminèl ki gen andikap, enpak viktим, ak plis toujou.

[www.ovcttac.gov/InstructorMaterials](http://www.ovcttac.gov/InstructorMaterials)



#### Domèn Konsantrasyon Espesyal

Materyèl ak resous yo disponib pou devlope konpetans pratik ki nesesè pou bay viktим yo bon kalite sèvis nan plizyè domèn espesyalize. Men de (2) egzanp dokiman espesyalize nou ofri—

- Fason pou travay ak lòt gwoup ak pwofesyonèl pou ede viktим trafik moun yo.
- Resous pou avoka defann dwa viktим yo ak reprezante yo gratis oswa pou yon bon pri.

[www.ovcttac.gov/SpecialFocusAreas](http://www.ovcttac.gov/SpecialFocusAreas)



#### Seminè sou Entènèt

Seminè sou Entènèt yo kreye yon mwayen ki fasil pou pran kontak ak yon fasilitatè ak lòt moun k ap resevwa fòmasyon yo ak diskisyon, seyans kesyon ak repons, ak sondaj patisipan yo. Ou kapab enskri pou patisipe nan seminè sou entènèt k ap vini yo oswa ou ka gade ansyen seminè ki te anrejistre yo. Nou pral diskite sijè tankou—

- Dwa Viktим yo
- Trafik Moun
- Vyòl nan Kanpis la ak nan Militè
- Vyolans nan Kay

[www.ovcttac.gov/Webinars](http://www.ovcttac.gov/Webinars)



#### Bwat Zouti

Nou ofri bwat zouti ki gen enfòmasyon ak konsèy pratik sou kijan pou bay bon kalite sèvis pou viktим yo. Bwat zouti sa a reprezante kèk nan sijè ki disponib yo—

- *Rezo Nasyonal Asistans Viktим Vòl Idantite (National Identity Theft Victims Assistance Network)*
- *Gid sou entènèt Gwoup Travay Kont Trafik Moun (Human Trafficking Task Force)*

[www.ovcttac.gov/Toolkits](http://www.ovcttac.gov/Toolkits)



**OVC TTAC**

# BIWO POU VIKTIM KRIM SANT FÒMASYON AK TEKNIK ASISTANS

## Fòmasyon ak Asistans



### Fòmasyon

Pwogram fòmasyon nou yo fèt pou gwoup ki ofri sèvis pou viktим ak pwofesyonèl ki alye nan yon jiridiksyon espesifik. Yo ede devlope kapasite yon gwoup òganizasyon ki ofri sèvis lokal kote yo mete resous sa yo disponib: yon kowòdonatè sou plas, enstriktè, dokiman pou enstriktè, ak manyèl pou patisipan yo.

[www.ovttac.gov/Training](http://www.ovttac.gov/Training)



### Akademi Nasyonal pou Asistans Viktim

Akademi an se yon eksperyans pou aprann yon fason entansif ak entèraktif ki devlope konesans ak konpetans pwofesyonèl pou òganizasyon ki ofri sèvis pou viktим epi ki gen omwen yon ane eksperyans yo. Pwogram Akademi a melanje fòmasyon enteraktif ou fè ak pwòp koutim ou ansanm ak kolaborasyon seminè sou entènèt ak ekspè nan domèn nan ap dirije.

[www.ovttac.gov/NVAA](http://www.ovttac.gov/NVAA)



### Fòmasyon sou Entènèt

Fòmasyon sou entènèt kapab konplete oswa ranplase fòmasyon sou plas lè patisipan yo diferan kote oswa yo bezwen yon orè varye. Pwogram fòmasyon sou entènèt nou yo abòde sijè tankou—

- Fòmasyon Debaz Asistans Viktim
- Asistans pou Viktим Vòl Idantite
- Defans Avanse pou Viktим Vyòl nan Militè
- Èd pou Viktим Abi Moun Aje

[www.ovttac.gov/OnlineTraining](http://www.ovttac.gov/OnlineTraining)



### Bous pou Developman Pwofesyonèl

Genyen èd finansye ki disponib pou pwofesyonèl sèvis viktим ak ekip plizyè espesyalite pou peye pou pwogram fòmasyon ak konferans.

[www.ovttac.gov/PDS](http://www.ovttac.gov/PDS)



### Sipò pou Konferans

Konsiltan ki gen eksperyans ka fè pwochen konferans, seyans, panèl, oswa prezantasyon enpak viktим ou a vin pi efikas ak dinamik.

[www.ovttac.gov/SpeakerSupport](http://www.ovttac.gov/SpeakerSupport)



### Asistans Teknik Pèsonalite

Lè pwogram fòmasyon estanda yo pa reponn a bezwen lokal yo, nou ka pèsonalize asistans teknik nan men ekspè k ap travay nan domèn zak kriminèl, agresyon, ak asistans viktим.

[www.ovttac.gov/CTA](http://www.ovttac.gov/CTA)

Office for Victims of Crime Training and Technical Assistance Center  
9300 Lee Highway, Fairfax, VA 22031-6050  
Telfòn: 1-866-OVCTTAC (1-866-682-8822)  
TTY: 1-866-682-8880  
Faks: 703-225-2338 | Imèl: TTAC@ovttac.org  
[www.ovttac.gov](http://www.ovttac.gov)  
Janvye 2017



**OVC TTAC**